

Devi Ayu Mayangsari, 2018. Meningkatkan Hasil Diajar Siswa Menggunakan Teams Games Tournaments (TGT) dan Kaulinan Himpimpa pada Materi Sel. Dibimbing oleh Dr. HJ. Mia Nurkanti, M.Kes. dan Iwan Setia Kurniawan, S.Pd., M.Si.

ABSTRAK

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Kartika XIX-1 Kota Bandung dumasar kana kasang tukang kurangnya pamahaman siswa kelas XI di SMA Kartika Siliwangi XIX-1 Kota Bandung di kelas eksperimen jeung Kelas kontrol kana konsep sel, sabablarapna model pangajarannu kurang merenah, ku kituna siswa hesemahaman kana materi nu ditepikeun ku guru. Tujuan panalungtikan nyaeta pikeun ningkatkeun hasil diajar siswa ku cara ngagunakeun model pangajaran *Teams Games Tournaments* (TGT) jeung kaulinan himpimpa. Salaku acuan poko pikeun pasualan nu ditalungtik, sahingga panalungtikan lumangsung sacara terarah dina neangan data nepi katingkat matotoskeun pasualan. Metode nu digunakeun nyaeta Quasi Eksperimen, anapon desain nu digunakeun nyaeta "Non equivalent Control Group Design". Subjek panalungtikan kelas eksperimen jeung kontrol taun ajaran 2017/2018. Instrumen nu digunakeun mangrupa tes kognitif nu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa. Instrumen nu digunakeun mangrupa data utama, pikeun ngukur ranah kognitif 30 soal pilihan ganda diluyukeun jeung indikator pangajaran, 25 soal nu signifikan. Tina hasil panalungtikan kacangking nilai rata-rata pretest 43,43 jeung rata-rata posttest 85,49 di kelas eksperimen, sedengkeun di kelas kontrol kacangking nilai rata-rata pretest 51,07 jeung rata-rata posttest 57,47. Sanggeus dilaksanakeun napanalungtikan pretest jeung posttest, satuluyna dilaksanakeun uji normalitas, homogenitas, jeung uji hipotesis. Salian ranah kognitif diukur oge ranah afektif jeung psikomotor. Ranah afektif nyaeta mere nilai minat siswa kana hasil diajar Biologi konsep sel. Siswa nunjokeun rata-rata respon positif nualus sarta respon siswa positif leuwi halus. Kitu oge ditilik dina ranah psikomotor kaasup kategori kriteria alus.

Kecap Galeuh: Hasil Diajar, Pangajaran Kooperatif, *Teams Games Tournaments*, Kaulinan Himpimpa, Sel.